

MITOS SUMUR GEMULING ING DESA SUMBEREJO KECAMATAN AMBULU KABUPATEN JEMBER
(Tintingan Strukturalisme Levi-Strauss)

Inggar Hijrah Syafira

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
inggarsyafira16020114087@mhs.unesa.ac.id

Drs. Bambang Purnomo, M.S.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Mitos Sumur Gemuling isih kagolong folklore lisan. Mitos sumur gemuling iki manggon ing Desa Sumberejo Kecamatan Ambulu Kabupaten Jember. Underan saka panliten iki: (1) Kepriye mula bukane, (2) Kapitayane apa wae, (3) Simbol lan makna sajrone kapitayan, (4) Fungsi, lan (5) Nilai budaya. Panliti migunakake metodhe deskriptif kualitatif. Nalika nglumpukake dhata panliti migunakake teknik observasi, dhokumentari, wawancara, nyatet, lan rekam. Panliti uga migunakake teori Levi-Strauss kanggo ngudar bab mitos, konsep Pierce kanggo ngudar simbol, konsepe Djamaris kanggo ngudar nilai budaya, konsepe Bascom kanggo ngudar fungsi.

Anane Mitos Sumur Gemuling iki uga ana gegayutane marang mula bukane papan panggonane yaiku desa Sumberejo. Saliyane iku mitos iki ngasilake kapitayan kanggo masyarakat sakupenge yaiku mantenan, pesugihan, banyu sekti, sowan juru kuncine, ziarah Jemuwah wage lan Jemuwah pon. Tradhisi sing ana yaiku tahlilan, haul, slametan. Ubarampene ing tradhisi iki ana makna lan simbole tuladhan ambeng sing ana kripik, pitik pangganan, urap urapan, jajan pasar, pala pendhem. Saliyane iku uga ana piguna yaiku minangka alat pengesahane budaya, sistem proyeksi, pendhidikan, alat kendhali sosial. Saliyane iku ana piguna liya-liyane tuladhan bisa nentremake atine, lan bisa ngalap berkah sing dijaluk. Nilai budaya uga tuwuhan sajrone Mitos Sumur Gemuling yaiku nggayutake manungsa karo pangeran, nggayutake manungsa karo alam, nggayutake manungsa karo bebrayan, nggayutake manungsa karo manungsa liya, nggayutake manungsa karo awake dhewe.

Tembung Wigati : Mitos, Sumur Gemuling, Bebrayan.

PURWAKA

Landhesan Panliten

Kabudayan iki gegayutan karo uripe manungsa. Kabudayan ana asale saka manungsa kang nduwe akal. Tuladhan kabudayan kayata folklor. Folklore kudune luwih ngrembaka lan kudu tetep dilestarekna amarga njaga jinis-jinis budaya. Folklore diwarisake kanthi cara dilisanake. Aspek budhaya kang arep dirembuk ing kene kagolong folklore lisan. Ing bebrayan iki folklore lisan disebarake marang putu-putune lumantar crita. Kabudayan sing isih ngrembaka iki kalebu mitos.

Mitos minangka crita suci kang nyengkuyung anane agama lan kapitayan sing ana. Desa Sumberejo Kecamatan Ambulu uga isih ana mitos sing kawentar yaiku MSG. Anane MSG iki nuwuhake kapitayan sing nganti saiki isih wae dipercaya mulane ora oleh yen dipisahake karo masyarakat. MSG dadi patuladhan kanggo nguri-uri kabudhayana Jawa supaya luwih bisa digatekake maneh lan bisa diseneni dening kawula muda-mudhi.

Sumur gemuling ditemokake karo Mbah Drono lan Mbah Suratemi nalika arep ngibadah. Wiwit nemokake sumur gemuling banjur desa kasebut dijenengi desa Sumberejo kang sumbere linuwih lan amber. Sumur gemuling uga nuwuhake saperangan kapitayan. Kapitayan kasebut nganti saiki isih diugemi lan dipercaya dening warga sakupenge. Kapitayane kayata banyu sumur sekti, sowan dina Jemuwah pon lan wage, pasugihan, sowan juru kunci, lan mantan. Saliyane kapitayan uga ana tradhisi kayata tahlilan, slametan, haul.

Ubarampe kang ana sajrone tradhisi ana makna lan simbole. Kayata ambeng kang dadi pralambang kabegjanaan supaya uripe warga sakupenge bisa slamt lan adoh sala pacoban. MSG uga ana piguna kanggo bebrayan sakupenge. Kayata pendhidikan, sistem proyeksi, pengesahe budhaya, piranti supaya bisa ngwasi lan piguna liya.

Panguripane masyarakat nduweni pedoman yaiku nailai budaya. Sajrone MSG ana nilai budayane kayata nggayutake manungsa karo pangeran, nggayutake manungsa karo alam, nggayutake manungsa karo bebrayan, nggayutake manungsa karo manungsa liya, nggayutake manungsa karo awake dhewe.

Panliten MSG iki durung tau ditliti. Mulane panliti kepengin ngudhal lan babar ngenani MSG amarga supaya isih tetep ngrembaka. Mula saka iki panliti arep ngrembug ngenani mula bulane, kapitayan, tradhisi, makna, simbol, fungsi, nilai budaya. Sakabehe bisa dadi awujud laporan panlite sing nduweni irah-irahan *Mitos Sumusr Gemuling Ing Desa Sumberejo Kecamatan Ambulu Kabupaten Jember (Tintingan Strukturalisme Levi-Strauss)*.

Underane Panliten

Adhedhasar landesan panliten sing diandharake ing dhuwur ana sambungane karo MSG ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember, yaiku,

- 1) Kepriye mula bukane mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember?
- 2) Kapitayan lan tradhisi apa wae sing ana sajrone mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember?
- 3) Makna lan simbol apa wae sing sajrone ubarampe tradhisi sing ana ing mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember?
- 4) Fungsi folklorik apa wae sajrone mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember?
- 5) Nilai budaya apa wae sajrone mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember?

Tujuwan Panliten

Saka underane panliten ing ndhuwur,nduweni tujuwan kang bakal diandharake ana ing ngisor iki, yaiku.

- 1) Njelntrehake mula bukane mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember.
- 2) Njlentrehake apa wae kapitayan lan tradhisi kang ana ing mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember.
- 3) Njelntrehake apa wae makna lan simbol sajrone ubarampe tradhisi sing ana ing mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember.
- 4) Njlentrehake fungsi folklrik kang kinandhut sajrone tradhisi sing ana ing mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember.

- 5) Njelntrehake nilai budaya apa wae kang kinandhut sajone mitos sumur gemuling ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember

Paedah Panliten

Panliten nduweni paedah kang bisa migunani kango sapa wae. Paedah-pedah bakal diandharake ing ngisor iki.

- 1) Pamaca, bisa menehake informansi bab mitos sumur gemuling fungsi, nilai budaya ing Desa Sumberejo, Kecamatamn Ambulu, Kabupaten Jember.
- 2) Panulis, bisa nambahi wawasan lan kawruh folklore lisan, ngapresiasi ngenani crita rakyat kang wujude mitos.
- 3) Panliti liyane, supaya panliten iki bisa didadekake sumber anggone nindakake panlitene utamane folklore lisan.
- 4) Warga masyarakat ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember bisa didadekake sumber informasi bab mitos apa wae kang ana ing sakupenge lan supaya bisa luwih dilestarikake kabudayane leluhur.

Wewatesane Panliten

Panliten iki gegayutan karo folklor lisan nduweni watesan. Watesane panliten ngenani mitos sumur gemuling babagan mula bukane, kapitayane, tradhisine, makna lan simbol sing ana ing umbarampe tradhisi, fungsi folkorik, lan uga nilai budaya kang ana ing satengahe masyarakat.

Panjentrehe Tembung

Ing ngisor iki bakal dijilentrehake tetembungan sing dadi watesan kango palniti. Panjentrehan tetembungan iki dianakake supaya nalika para pamaca negesi ora bakale kliru. Mula saka kuwi anane panjentrehane tetenbungan wigati banget.

- 1) Mitos iki diparagani karo dewa utawa makhluk setengah dewa miturut Bascom (sajrone Dnandjaja, 2007:50). Mitos minangka crita rakyat sing dianggep wis lumaku lan dumadi.
- 2) Sumur gemuling yen miturut KBBI sumur kuwi tegese sumber banyu gaweyane manungsa kanthi cara ngeduk lemah. Yen tembung gemuling asale saka tembung guling sing diwenehi seselan [-em-]. Dadi bisa dijupuk dudutan yen sumur gemuling minangka sumur sing digulingna supaya bisa penak yen njupuk banyu.
- 3) Folklore minangka perangan saka kabudayan sing sipate tradhisional lan ora resmi. Folklore isine ngenani kawruh, nilai-nilai, sikap. Rasa manungsa,

- lan kapercayan sajrone tradhisional sing digetoktularne lumantar lisan utawa adat istiadat.
- 4) Kapitayan asale saka tembung pitaya utawa percaya karo ruh, liayen, lan sapiturute (Sudaryanto, 2001:845)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Saemper

Panliten sing saemper kanggo nambahi wawasan ngenani panliten mitos yaiku, (1) Nurudim Agus Kurniawan (2008), Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya, *Mitos Nyi Roro Kidul Ing Desa Nglebeng Kecamatan Paggul Kabupaten Trenggalek (Tintingan Strktural)*; (2) Hanung Wistanto (2008), Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya, *Mitos Sirikan Nggawe Lakon Angling Dharma Sajrone Seni Pagelaran ing Tlatah Bojonegoro*; (3) Christya Oka Mahardika (2012), Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya, *Mitos Bung Karno Ing Kompleks Wisata Mram Bung Karno Kutha Blitar*.

Panliten kang ditindakake saiki iki tintingane saempe karo panliten sing kapisan lan kaloro yaiku nganalisis nggunakake tintingan Strukturalisme Levi-Strauss. Nanging sin mbedakake katelu panliten sing saemper iki saka objek lan papan panlitene, panliten milih nliti MSG amarga isih durung ana sing nindakake panliten ngenani mitos kasebut. Mula panliti kepengin mbukak pamikiran bebrayan supaya njaga panggonan sing isih ana unsur sejarah lan bisa dadi tambah-tambah elmu kang migunani. Panliten kanggo nguri-uri kabudayan ngenani folklor lisan.

Aspek Budaya Sajrone Mitos Sumur Gemuling

Saben-saben manngsa methi nduwe cipta, karsa, lan rasa kang ndadekake ide kanggo pawujudane. Kabudayan iki asale saka basa Sansekerta yaiku budayah kang nduweni teges “Budi” utawa “akal”. Kabudayan iku asil saka budine manungsa supaya bisa nggayuh kasampurnane pangurip. Kabudayan minangka saperangan norman utawa aturan kang diduweni karo bebrayan bebarengan lan yen ditindakake karo masyarakat panyengkuyunge bisa dadi tuwuh tatalaku anggotane lan dianggep bisa ditampa.

Kabudayan salah sawijine pamikiran ing saben-saben manungsa lan ora ing sawijine gejala tuladhane tumindak lan asile saking tumindake manunga dhewe. Kabudayan iki bisa diperang ana norma-norma, nilai-nilai, model-model, lan konsep-konsep sing padha karo lingkungan kang arep diadepi dening bebrayan panyengkuyunge.

Aspek Folklorik Sajrone Mitos Sumur Gemuling

Folklore isine ngenani pangetahuan, tatalaku, nilai, kapercayan, rasa kang sumerbar kanthi wujud tradisional lumantar praktek-praktek kabisane. Folklore minangka bagiyan saka kabudayan kanthi kolektif, kang sumebar lan diwarisne turun-tumurun. Folklore diperang dadi 3 kelompok miturut jinise (Danandhaja, 1997:21-22) yaiku folklore lisan, folklore separo lisan, lan folklore dudu lisan.

MSG kang ana ing Desa Sumberejo iki kalebu jinise folklore lisan amarga saka crita mitos kang ana lan isih diwarisake ngati saiki saka pawongan siji marang pawongan liya utawa bisa saka generasi ing jaman biyen nganti saiki kanthi wis turun-tumurun.

Mitos

Mitos nduwe energi dhewe kanggo uripe manungsa ing donya. Uripe manungsa ing donya iki adedasar saka mitos sing isih ana ing sakupenge. Amarga kita iki urp ing alam mitos, uga biyasane dikendhalekna karo mitos kasbeut. Mitos dianggep crita sing aneh lan angel dimangertenegara tegese utawa angel ditata apa kang dadi kasunyatane amarga critane ora nalar utawa ora masuk akal sing ana ing saben dinane. Mula saka kuwi mitos kagolong crita rakyat kang nggayutake manungsa utawa dewa kang dianggep pancen bener-bener kedadi lan isih dianggep suci karo warga masyarakat panyengkuyunge.

Kapitayan Sajrone Mitos Sumur Gemuling

Masyarakat Indonesia iki duwe kapitayn dhewe sadurunge oleh agama saka bangsa manca. Kapitayan iku sing nemtokake tumindake saben-saben manungsa. Masyarakat ing Indonesia iki nduwe agama asli yaiku agama tradhisional kang wis ana ing sadrunge ana agama Islam, Budha, Hindu, Kristen Katolik, Kristen Protestan, lan uga Konghucu mlebu ana ing bangsa Indonesia. agama bangsa Indonesia iki sing asli diarani Animisme lan Dinamisme.

Simbol Sajrone Mitos Sumur Gemuling

Panguripane manungsa iki saben dinane ana tanda, simbol lan lambang. Katelu iku nduwe teges kang padha kayata bab-bab kang ana paedahe kanggo bebrayan liya. Tuladhane sing kerep digawe yaiku simbol. Miturut Kamus Basa Indonsia yen tembung simbol tegese sawijining tanda kang ngandharake ngenani bab-bab kang nduwe tujuwan tartamtu.

Simbol minangka salah sawine tandha kang ditemokake karo paugeran umum, tuladhane manthuk sing tegese yaku gelem. Piranti kang wujud simbol iki

biasane ana nalika upacara tradhisi. Saka piranti kasebut didadekake sumber informasi utawa sumber kawruh.

Nilai Budaya Sajrone Mitos Sumur Gemuling

Wujud saka nilai budaya dhewe abstrak sajrone adat istiadate amarga ing nilai budaya dhewe wis dianggep nduwe nilai-nilai kang wigati nemen sajrone masyarakat. Nilai budaya iki didadekake pedhoman kanggo urip masyarakat. Nilai budaya kasebut didadekake cekelan nalika nindhakake uripe. saben individu iki mesthi nduweni nilai budaya kang gegayutan, saengga wujud salah sawijne sistem saka iku didadekake pedoman konsep kang ideal kanggo sajrone kabudayan lan isih bisa menehi greget tumrap nganalisis kabudayan supay bisa luwih amba maneh.

Teori Strukturalisme Levi-Strauss

Mitos bisa dimangertenin saking proses penceritaane kayata pesen-pesen sing diomongke lumantar basa sing nduweni saka pangucape. Mitos sajrone konsep saka strukturalisme Levi-Staruss yaiku awujud dongeng. Dongeng yaiku crita kang lair saka dhaya pangangen lan imajinasine manungsa. Yen miturut Levi-Staruss struktur kuwi modhal kang digunakake para ahli antropologi supaya bisa eruhi lan njlentrehri gejala kabadayan sing dianalisis.

Lelandhesane Analisis

Landesan analisis digunakake supaya andharan panliten iki bisa lumaku kanthi adhedhasar konsep saking para ahli sing wis ditemokake. Mitos nggunakake konsep Levi-Strauss, folklore nggunakake konsep Danandjaja (2002), simbol nggunakake konsep Pierce (sajron Eagleton, 2006:145), nilai budaya nggunakake konsep Djamaris (1993) lan fungsi saka MSG nggunakake konsep Bascom (sajrone Danandjaja, 2002:19).

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten MSG ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember iki migunakake metodhe panliten kualitatif deskriptif. Migunakake metode iki amarga kanggo njlentrehake objek utawa kedadean. Kanggo panliten deskriptif iki luwih ngutamakne kwalitase saka data-data. Teknik kang digunakake nglumpuke data nalika nliti yaiku migunakake pengamatan, wawanrembug, ngrekam, nyatet, lan dokumntasi awujud photo lan video.

Objek lan Papan Panliten

Objek panliten iki awujd folklore lisan wujude arupa mitos kayata MSG. Mitos iki ana saperangan

masyarakat ing Desa Sumberejo isih wae mercayani nganti saiki. Papan panggonan ing kunu ana sumur gemuling lan nuwuuhake unsur-unsur mitos sing ngantri saiki isih wae dipercaya. Papan panggonane panliten iki ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Kanggo nggoleki sumber data sing konkret panliten bisa oleh saka informan. Informan diperang dadi 2 yaiku informan kunci lan informan biasa. Informan kang apik lan becik kudune berkualitas wutuh, melu langsung, swasana budaya sing ora dikenal, wektu kang cukup lan dudu analitis. Minangka informan uga kudu ndeleng umur, asal usul informan, bisane crita.

Saka data-data sing wis dilumpukne iku banjur disusun lan dianalisis selaras karo teori sing digunakake karo panlitni sajrone panlitene yaiku teori Strukturalisme Levi-Strauss.

Instrumen Panliten

Miturut Sugiyono (2008:102) njlentrehake yen instrumen panliten iki minangka piranti kang digunakake nalika nliti ngenani tumindake manungsa lan kedadeyan alam sing wis kedaden. Sajrone mlith instrumen panlitni iki kudu luwih dhisik mangertenin apa kang dadi tujuwane sajrone panliten kang bakale ditindakake.

Panliti

Panliti iki diarani pawongan sing lagi ngadhakake sawijining panliten (Meleong, 2011:164). Saliyane iku panliti uga diarani minangka dalang sajrone panlitene sing lagi ditindakake nalika ngadhakake pengamatan langsung. Panliti luwih bisa interaksi langsung karo subjek sing bakal ditliti lan bisa mangertenin solah bawane sing bakale ditindakake dening subjeke.

Dhaptar Pitakonan

Dhaptar pitakonan iki digunakake panliti yen arep goleki informasi-informasi ngenani objek panlitene yaiku MSG. Dhaptar pitakonan iki kang wis digawe sadurunge supaya bisa angsal data kang saakeh-saaekehe saka narasumber. Dhaptar pitakonan iki kudune panceh luwih ndhisik digawe sadurunge panliti nindakake wawancara marang informan.

Alat Bantu

Piranti kang digunakake kanggo nyengkuyung tumatane lan apik panlitene nggunakake alat bantu.

MSG iki klebu jinis panliten lapangan. Piranti sing dibutuhake yaiku:

- 1) Kamera digital kanggo jupuki gambar nalika nindhakake metode observasi.
- 2) *Handphone* kango ngrekam data sajrone nindhakake wawancara karo informan.
- 3) Angket arupa pitakonan-pitakonan sing wujude tulisan.
- 4) Buku lan Pulpen kanggo nyathet babagan sing dianggap wigati nalika wawancara.
- 5) Kuesioner kanggo informan kang wis dilampirna.

TataCara Nglumpukake Dhata

Tata carane kanggo nglumpukake data iki nalika ngadhakake panliten ngenani Mitos Sumur Gemuling Ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember iki nggunakake teknik observasi, teknik wawancara, teknik rekam, teknik nyatet, teknik dokumentasi lan teknik alih wacana (transkripsi).

Keabsahan Dhata

Supaya asil data bisa apik lan uga bisa mriksa keabsahane kudu nindhakake 3 cara yaiku; 1) nindhakake *triangulasi*, 2) nindhakake *peer debriefing* kango nguji lan mriksa asile data kang wis dianalisis. Nanging supaya analisise bisa luwih trep bisa dikonsultasekake ing pembimbinge, lan 3) nindhakake *member check In trial* kanggo ningkatake kredibilitas sawise nganalisis asile data panliten.

Tatacara Panjlentrehan Dhata

Panjlentrehan data kanggo panliten iki nggunakake panjlentrehan dheskriptif. Tatacarane yaiku ngubah data saka lisan kang diganti ing tulisan, nerjemahake teks saka folklore lisan ing basa Indonesia, nglasifikasikake data miturut golongan, njlentrehake data sing wis nglumpuk banjur dijnjentrehake gegayutan karo teori sing ditemokake sadurunge.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

4.1 Kahanan Desa Sumberejo

Kahanan desa Sumberejo digayutake karo MSG kang ana ing desa Sumberejo. Minangka panliten kabudayan ora bisa dipisahake karo kahanane desa utawa etnografi sing ana ig desa Sumberejo. Data etnografi kuwi bisa dimangerteni yen kahanane penduduk kang ana kayata pendhidhikan, pangupajiwa, ekonomi, lan kapitayan.

4.1.1 Geografis Desa Sumberejo

Desa Sumberejo mapan ing cedake segara utawa pesisir yaiku ana ing ndhuwur kurang luwih 4mdpl saka segara. Desa iki desa kang nduwe dalaa kang paling apik

arupa dalanan aspal. Desa Sumberejo iki duwe 6 dhusun yaiku Dhusun Sido Mulyo, Dhusun Mbrego, Dhusun Krajan Kidul, Dhusun Watu Ulo, Dhusun Kraja Lor, lan Dhusun Curah Rejo.

4.1.2 Luas Wilayah Desa Sumberejo

Luas wilyah Desa Sumberejo 1.492.607 ha. Luas wilayah diperang dadi lemah sawah ambane 853,205 ha, lemah kuburan ambane 2,3 ha, lemah pekarangan ambane 627,182 ha, lemah alas kang ambane 3,5 ha, lemah fasilitas umum ambane 9,92 ha.

4.1.3 Penduduk Desa Sumberejo

Miturut kependhidhikan sing ana ing desa Sumberejo iki cacahe penduduk ana 23.496 jiwa. Pendhudhukan kasebut kaperang saka 11.866 jiwa pendhudhuk lanang lan 11.630 jiwa pendhudhuk wadon. Pendhudhuk ing desa Sumberejo iki kaperang dadi 6.818 KK

4.1.4 Pendhidhikan Penduduk ing Desa Sumberejo

Pendidikan sing ana ing Sumberejo yaiku MIS MIMA 27 Sunan Giri, Bustanul Ulum, MIS MIMA 37, MAS Nahdlatul Arifin, RA/BA/TA Nurussalam, SD Negeri Sumberejo 02, SD Negeri Sumberejo 04, SD Negeri Sumberejo 01, SD Negeri Sumberejo 04, SMP Negeri 3 Ambulu, SMKS Bastren Nurussalam, SMKS Astra Nawa.

Bangunan sing ana ing sekolahane isih kagolong layak kanggo para siswa. Pendhidhikan sing ana ing satengahe masyarakat isih cukup apik. Masyarakat kang ana ing desa Sumberejo iki wis akeh kang wis pendhidhikan rata-rata. Uga isih akeh masyarakat sing wis nglaksanakake wajib sinau minimal sangang taun iki.

4.1.5 Pangupajiaw Penduduk Deas Sumberejo

Pangupajiwa masyarakat ing desa Sumberejo cacahe ana 44 jinise pangupajiwa. Masyarakat sing pakaryane paling akeh ing desa Sumberejo yaiku dadi petani, keloro dadi nelayan, lan katelu dadi buruh tani. Masyarakat ing desa Sumbejero iki duwe pangupajiwa dadi petani lan buruh tani sing akeh-akehe padha nandur pari.

4.1.6 Agama

Agama kang dianut karo masyarakat kang ana ing Desa Sumberejo iki nganut agama Islam. Isih akeh papan panggonan kanggo ngibadah ing desa kasebut kang uga digunakake masyarakat kanggo nglaksanakake

ibadah kanti jamaah wiwit isih bocah cilik, rumaja, diwasa, nganti wis tuwa ana.

4.2 Mula Bukane Mitos Sumur Gemuling

Nalika Mbah Drono lan Mbah Suratemi mbabati alas ora sengaja nemu bolongan sumber sumur. Amarga ora bisa njupuk banyune, sumur kasebut digulingake lan diencepi karo wit bambu supaya tetep ngguling. Mula saka iku nganti saiki wujud sumure isih ngguling lan diarani sumur gemuling.

Anane sumur gemuling uga dadi jeneng saka desa ing papan panggonan sumur. Papan panggonan kasebut dijenengi Desa Sumberejo. Kang nduweni teges sumber kang luwih-luwih.

4.3 Kapitayan lan Tradhisi Sajrone Mitos Sumur Gemuling

Minangka wong Jawa nganti saiki ana wae sing ngugemi anane kapitayan sing ana ing papan panggonan sing keramat kayata sumur gemuling. Saliyane iku bakal dirembug ngenani bab tradhisi sing ana lan sing isih ngrembaka ing sumur gemuling. Bisa luwih cetha maneh bisa dideleng ing ngisor iku.

4.3.1. Kapitayan Sajrone Mitos Sumur Gemuling

Sajrone kapitayane manungsa iku melu nindakake tradhsis kasebut lan mesthine isih ngeluri padha karo kapitayane tiyang Jawa yen ora bisa dipeksa sajrone sumur gemuling. Ing sumur gemuling iki nuwuhake kapitayan kang nganti seprene di percaya karo masyarakat ing Desa Sumberejo lan masyarakat njaba. Kapitayan iku akeh jinise kayata kapitayan marang Gustine, kapitayan karo makna lan fungsi sajrone tradhisi sing ana gayutane karo agama lan panguripe, lan kapitayan karo situs sing ana gegayutane karo tilarane tokoh masyarakat kang ana pangaribawane tumrap masyarakat. Kapitayan kang ana ing MSG bisa dideleng ing ngisor iku.

1) Paedahe banyu sumur gemuling

Banyu sumur gemuling dipercaya yen nalika wayahé ketiga sumur gemuling iki banyune ora bakal bisa kasatan ing wayahé rendheng uga ora bisa luber utawa amber banyune. Mula saka iku masyarakat akeh sing percaya yen banyu sumur iku ajaib. Banyune sumur gemuling iki dipercaya bisa ngatasi sakabehe perkara sing diadepi lan kanggo obate masyarakat sing ndhuwe lelara apa wae. Penyakit kang ana wujude utawa ora katon wujude. Uga bisa dadi rejekine lancar lan nalika nyambut gawe bisa lancar. Rejeki sing sarwa kacukupan iki bisa ndadekake masyarakat urip saben dinane bisa ayem tentrem ora ana perkara. Mulane warga masyarakat ing Desa Sumberejo iki lan sing sowan ziarah mesthi njaluk banyune sumur

gemuling kango nggolek rejeki. Ananging sakabehe iki mung jodo-jodoan wae, sing bisa ngabulke mung Gusti Allah wae.

2) Ziarah dina Jemuwah Pon lan Wage

Masyarakat lan para ziarah duwe pakulinan yaiku ing dina Jemuwah Wage utawa Pon mesthi ora ketang sowan ing sumur gemuling. Peziarah lan warga masyarakat percaya yen dina iku duwe keberkahahan dhewe lan dianggep dina sing apik amarga nalika dina iku istimewa kango sowan ing sumur gemuling. Peziarah percaya yen dina Jemuwah Pon lan Wage dadi dina kang trep kanggo sowan ing papan panggonan sumur gemuling. Dina kuwi dipercaya dina sing ana keberkahane dhewe lan dianggep dina sing becik. Mulane akeh sing ziarah ing dina iku. Yen pakulinane iku diterusne dipercaya insyallah mesthi oleh berkahe dhewe-dhewe.

3) Sowan ing juru kunci

Kapitayan kang ana ing Desa Sumberejo iku nganti seprene isih dijaga lan diugemi. Kapitayan yen sadurunge ziarah kudune luwih ndhisik mara sowan ing juru kunci amarga minangka juru kunci mesthine wis paham karo kahanan sabardinane sumur gemuling lan kudu diaterna karo juru kunci sumur. Yen ora ngunu bakal kuwalat dheweke sing sowan. Kayata bakale kesandung, kejungkel, tiba dhewe ora ana sebab, lan liya-liyane. Kayadene pawongan sing mlebu ing omahe pawongan liya nanging ora kulanuwun lan langsung mlebu omahe. Mula saka kuwi sing mbaureksa ing papan panggonan sumur gemuling iki ngamuk utawa nesu amarga sing mlebuni iki ora nduwe tatakrاما.

4) Pesugihan

Tuntutan ekonomi sing nyebabake akehe masyarakat sing kepengin sugih nanging carane instan amarga nduweni pikiran sing ora amba utawa cupet nemen. Kayata bisa sekutu karo bangsa jin, setan, barang gaib, lan liya-liyane. Biyasane pawongan iku nglakoni karo ngadakake rituwal utawa pemujaan sing nggunakake tumbal. Pemujaan iki biasane ditindakake ing papan panggonan sing wingit lan ana danyange kayata sumur gemuling. Papan panggonan sumur gemuling isih akeh didadekake papan pesugihan. Masyarakat nyeleweng saka niatan zirah ing kunu.

5) Mantenan

Minangka pawongan Jawa saiki nduweni kapitayan yen arep nindhakake mantenan lan kudu nglaksanakake pantangan sing ana supaya ora ana babagan sing bisa ngrendetiadicara mantenané.

Kapitayan masyarakat kang ana ing dhaerah Watu Ulo iki percaya yen dheweke arep nganakake mantenan kang dalanane nglowiati sumur gemuling kudu luwih dhisik sowan ing sumur gemuling. Yen ora ngunu adicarane bakal ora dilancarake. Mula iku warga masyarakat sing nglowiati dalanane sumur gemuling iki kudu sowan luwih ndhisik ing sumur gemuling sadurunge ngadakake mantenan. Kapitayan iki uwis ana ngati taun-taunan amarga saka mbah buyut nalika jaman biyene.

6) Nadzar

Nadzar iku janji lan janjine iku kagolong utang sing kudu ndang dilakoni lan ukume wajib. Nazdar ukume iku wajib yen pawongan iku wis ngucapne lan kudu ndang dilaksanakake. Ananging yen ora utawa durung diucapne ukume ora wajib dilakoni. Nadzar sing wis diucapake karo manungsa kuwi kudu cepet dilakoni supaya bisa nebus utawa bisa ,mbatalake nazdar kuwi. Masyarakat sing kepengine wis bisa kegayuh kudu gawa ambeng, kembang setaman, lan duwik kanggo ngisi khas ing sumur gemuling iku.

4.3.2 Tradhisi sajrone Sumur Gemuling

Tradhisi minangka kabisanan sing wis asipat turun-tumurun saka sesepuhe sing nganti saiki isih wae diteruske ing sajrone masyarakat lan dianggep paling trep lan pener. Tradhisi iki nduwe piguna sing gedhe tumrap masyarakat panyengkuyunge. Tradhisi kang ana ing wis turun-tumurun lan disebarake kanthi cara lisan, separo lisan, lan dudu lisan. Tuladhane ing papan panggonan sumur gemuling iki nganti saiki isih wakeh tradhisisine. Tradhisi iku ana sambungane karo Mbah Drono lan Mbah Suratemi sing wis tilar donya. tradisine ana tasyakuran, tahlil, slametan, lan haul. Supaya luwih gamblang bisa dideleng ing ngisor iki.

1) Tahlilan

Tahlilan iki rituwal sing ditindakake minangka pawongan agama Iskam kanggo mengeti dina lan ndongake pawongan sing wis kapundut utawa wis seda. Nalika adicara iki dilampahi wong sing melok nindakake biyasane ora oleh maca sakarepedhewe lan kudu manut karo sing mimpin tahlile. Tahlilan dianakake dina Kamis Pon. Adicara iki diwiwiti karo yasinan, tahlil, lan sholawatan, lan donga sesarengan. Tahlil iki dipimpin dening sesepuh-sesepuh kang lagi nganaake adicara tahlilan iki. Sarampunge adicara kabeh dilajengake karo nyekar ing pasareyan Mbah Drono lan Mbah Suratemi.

2) Haul

Haul biyasane dilaksanake kanggo tokoh utawa pawongan masyarakat. Adicara iki ditindakake setaun

sepindah sing padha karo kapundute panjenengane. Mulane haul iki utawa bisa diarani khol tegese taunan. Tujuwan sakingadicara haul kanggo mengeti dina lan bisa ngenang perjuwangane lan jasa pawongan masyarakat supaya bisa kita tuladhani tumrap generasi sabacute iki.

Adicara haul dilaksanake ing Kamis pon ing sasi besar nanging yen ora ana ing sasi besar bisa diganti ing sasi sura. Masyarakat kang nyengkuyung adicara gawa ambeng dhewe sing wis disiapake saka omahe dhewe-dhewe.

3) Slametan

Slametan nganti saiki isih ditindakake karo masyarakat. Tradhisi slametan ing Desa Sumberejo dianakake supaya masyarakat adoh saka pacobanan uripe. tradhisi iki dianakake karo masyarakat Jawa kango rasa syukure amarga wis diwenehi berkah nalika urip uga lumantar slametan iki. Tradhisi slametan iki dilaksanakake ing dina kamis Pon wayah isuke. Slametan iki ditindakake ing papan pangongan mushola sing cedhak karo pasareyane Mbah Drono. Adicarane yen isuk nganti sore pengajian tahtimul qur'an wong wadon lan lanang ingkang gentian. Lan aja oleh nganti lali uga gawa ambeng dhewe-dhewe. Adicara slametan iki tangga sakiwa tengene kabeh diundangi lan sing percaya karo paedahe sumur gemuling.

4.4 Makna lan Simbol Sajrone Ubarampe Tradhisi ing Sumur Gemuling

Manungsa urip ing donya iki nggunakake makna lan simbol kang nggamarake apa sing dikepengini. Simbol iki wujude bisa kedadeyan lan objek babagan tartamtu. Mitos sing ana ing sumur gemuling iki uga duwe simbole lan makna kang digambarake karo manungsa lumantar ubarampe sajrone adicara tradhisisine. Ubarampe kang dadi panyengkuyung sajrone tradhisi slametan, haul, lan tahlilan uga ana simbol lan maknane dhewe-dhewe. Ngenani makna lan simbole kang ana ing tradhisi lan ubarampene sing dipercaya karo masyarakat bakal dijentrehake ing ngisor iki.

1) Ubarampe slametan

Slametan nganti saiki isih ditindakake karo masyarakat. Tradhisi slametan ing Desa Sumberejo dianakake supaya masyarakat adoh saka pacobanan uripe. tradhisi iki dianakake karo masyarakat Jawa kango rasa sukure amarga wis diwenehi berkah nalika urip uga lumantar slametan iki. Tradhisi iki diwiwiti karo ambeng sing didongani karo sesepuhue banjur dimaem bareng-bareng. Isen-isenan kanggo ambeng iki ana pitik panggang, pala pendhem, lan urapan. Saben-

saben isine kuwi ana makna lan simbole. Bisa dideleng ing ngisor iki.

a. Ambeng

Ambeng lan panguripe manunsa iki nduwe gegayutan kang raket banget antarane siji lan sijine. Ambeng ing panguripe manungsa kuwi kagolong biasa lan mesti ana wae, wiwitman manungsa iku isih durung lair nganti dheweke wis tilar donya. Ambeng dilambangke karo kabegjangan. Uga ambeng dadi pawujudane simbol sing asale saka bumine masyarakat.

Saliyaneeadicara slametan iki ingadicara liyane uga isih nggunakake ambeng kanggo ubarampene. Ambeng sing ana ing slametan nduweni isenan pitik panggang lan urapan. Nanging ingkang paling wigati ing njero ambenge kudu ana sing jenenge pala pendhem.

- Pala pemdhem

Umbi sing dilumpukne dadi siji iki bisa diarani karo pala pendhem. Pala pendhem uripe ana ing njero lemah. Jinis-jinise pala pendhem ana akeh kayata tela, uwi, tales, menyok, lan sapiturute. Salah sawijine asil bumi masyarakat kang ana ing Desa Sumberejo iki yaiku pala pendhem. Mulane pala pendhem iki digunakake karo masyarakat kanggo ngawujudake pangrasa sukure marang Gustine amarga diwenehi berkah lan rejeki kang cukup.

Pala pendhem iki dadi pralambang supaya masyarakat ing Desa Sumberejo iki bisa eling yen dheweke uga bakale bali maneh ing papan panggonan yaiku lemah. Mula saka iku dikarepke manungsa iki kudu bisa asring ngibadah ing Gustine kang nggawe panguripan ing donya saisine iki

- Pitik panggang

Pitik panggang minangka jinising pitik sapa wae kang wujude isih kumangang. Daging ing pitik panggang iki biyasane rasa-rasane manis. Pitik panggang sing ana ing ambeng sing digaweadicara slametan iki yen luwih sae nggunakake jinise pitik Jawa amarga kanggo rasa-rasane bisa luwih sae.

Pitik panggang nduweni makna yaiku yen dadi wong kudu bisa nyambut gawe kanthi mandhiri lan bisa nyukupi kabutuhane gawe saben dinane lan ora usah njaluk pitulungane pawongan liyane. Pitik panggang iki ora bisa dipisahake karo ambeng sing didadekake ubarampe kanggo tradhisi slametan ing ana ing MSG.

- Urap-urapan

Urapan iki dadi salah sawijine ubarampe sing wajib nalikaadicara slamtean. Urapan kuwi biyasane digandhengake karo pitik panggang. Urapan isine ana klapa sing diparut lan ana godhong-godhongan tetuwuhan

sing didadeke lambing kasuburan urip amarga wis diwenehi pangayomam.

Urapan kuwie nguweni teges urip. Manungsa ana ing donya iki kudune bisa ngauripi kabutuhane saben dinane dhewe-dhewe, bisa menehi nafkah kanggo kulawargane, bisa ngauripi kabutuhan kulawargane. Urap-urapan iki biyasane manggon ing sakiwa tengene ambeng lan nduwe makna yaiku yen dadi manungsa iku dadi isen-isenane panguripan ing donya iki.

2) Ubarampe tahlilan

Tahlilan iki rituwal sing ditindakke minangka pawongan agama Islam kanggo mengeti dina lan ndongake pawongan sing wis kapundut utawa wis seda. Nalikaadicara iki dilampahi wong sing melok nindakake biyasane ora oleh maca sakarepe dhewe lan kudu manut karo sing mimpin tahlile.

Tahlilan dianakake dina Kamis Pon. Adicara iki diwiwiti karo yasinan, tahlil, lan sholawatan, lan ndonga sesarengan. Tahlil iki dipimpim dening sesepuh-sesepuh kang lagi nganaakeadicara tahlilan iki. Sarampungeadicara kabeh dilajengake karo nyekar ing pasareyan Mbah Drono lan Mbah Suratemi.

Ubarampe kang digunakake ingadicara slametan iki mung kembang setaman kang digunakake kanggo nyekar ing sumur gemuling lan pasareyan Mbah Drono lan Mbah Suratemi. Bisa luwih gamblang bisa dideleng ing ngisro iki.

a. Kembang setaman

Kembang setaman iki kudu ana lan wajib nalika anaadicara tahlilan. Kembang iki digawe nyekar sumur gemuling lan pasareyan Mbah Drono lan Mbah Suratemi. Isen-isenane kembang setaman iki ana kembang melati, mawar, kenanga, lan kanthil.

Simbole kang ana ing sajroneadicara slametan iki apa kang dadi pepengine saben-saben manungsa iki bisa kawujud amarga diijabahi karo Gustine. Manungsa iki mung bisane ngupaya apa kang dikarepi, ananging sakabehe iki sing nemtoke namung Gustine.

3) Ubarampe haul

Haul biyasane dilaksanake kanggo tokoh utawa pawongan masyarakat. Adicara iki ditindakake setaun sepindah sing padha karo kapundute panjenengane. mulane haul iki utawa bisa diarani khol tegese taunan. Tujuwan sakingadicara haul kango mengeti dina lan bisa ngenang perjuwangane lan jasa pawongan masyarakat supaya bisa kita tuladhani tumrap generasi sabacute iki.

Adicara haul dilaksanake ing Kamis pon ing sasi besar nanging yen ora ana ing sasi besar bisa diganti ing

sasi sura. Masyarakat kang nyengkuyungadicara gawa ambeng dhewe sing wis disiyapake saka omahe dhewe-dhewe.

Ubarampé kang nduwe simbole kanggo nyengkuyung sajroneadicara haul iki sajrone MSG ana kembang setaman lan uga ana ambengan. Ambengan kang ana ingadicara haul nduwe makna 2 yaiku ambengan kang digawe kanggoadicara haule lan ambengan kang digawe simbol wujud syukure manungsa. Supaya luwih cetha bisa dideleng ing ngisor iki.

a. Ambeng

Ambeng lan panguripe manunsa iki nduwe gagayutan kang raket banget antarane siji lan sijine. Ambeng ing panguripe manungsa kuwi kagolong biyasa lan mesthi ana wae, wiwitmanungsa iku isih durrng lair nganti deweke wis tilar donya. Ambeng dilambangke karo kabegajaran. Uga ambeng dadi pawujudane simbol sing asale saka bumine masyarakat.

Saliyaneadicara slametan iki ingadicara liyane uga isih nggunakake ambeng kanggo ubarampene. Ambeng sing ana ing slametan nduweni isenan pitik panggang lan urapan. Nanging ingkang paling wigati ing njero ambenge kudu ana singjenenge pala pendhem.

- Pitik panggang

Pitik panggang minangka jinising pitik apa wae kang wujude isih kumangang. Daging ing pitik panggang iki biyasane rasa-rasane manis. Pitik panggang sing ana ing ambeng sing digaweadicara slametan iki yen luwih sae nggunakake jinise pitik Jawa amarga kanggo rasa-rasane bisa luwih sae.

Pitik panggang nduweni makna yaiku yen dadi wong kudu bisa nyambut gawe kanthi mandhiri lan bisa nyukupi kabutuhane gawe saben dinane lan ora usah njaluk pitulunganepawonganliyane. Pitik panggang iki ora bisa dipisahake karo ambeng sing didadekake ubarampé kanggo tradhisi slemtan sing ana ing MSG.

- Urap-urapan

Urapan iki dadi salah sawijine ubarampē sing wajib nalikaadicara slametan. Urapan kuwi biyasane digandhengake karo pitik panggang. Urapan isine ana klapasing diparut lan ana godhong-godhongan tetuwuhan sing didadeke lambing kasuburan urip amarga wis diwenehi pangayoman.

Urapan kuwi nduweni teges urip. Manungsa ana ingdonya iki kudune bisa ngauripi kabutuhan saben dinane dhewe-dhewe, bisa menehi nafkah kanggo kulawargane, bisa ngauripi kabutuhan kulawargane. Urap-urapan iki biyasane manggon ing sakiwa tengene ambeng lan duwe

makna yaiku yen dadi manungsa iku dadi isen-isenane panguripan ingdonya iki.

- Jajanan pasar

Jajan pasar akeh jinise ana apem, jemblem, kucur, lan liya-liyane. Jajanan pasaran iki saiki sansaya ngrembaka lan akeh maceme amarga jamane wis maju. Jajanan pasar iki nduweni makna yaiku panguripe manungsa sing nduweni kepenginan kang akeh jinise iki bisa kegayuh apa sing dikarep.

Jajanan pasar dilambangke karo sandang pangan kang regane murah. Maknane ing sajrone jajanan pasar iki supaya dadi pangajap yen bisa diparingi berkah kang luwih-luwih marang Gustine. Saliyane iku panguripane masyarakat ing Desa Sumberejo iki bisa kacukupan kango kabutuhane kulawargane saben dinane.

- Kripik tela

Kripik tela iki dadi salah sijine jajan krupuk sing wujude tipis lan digawe saka tela. Tela kasebut banjur dionceki lan diiris tipis nemen lan digaringne. Sawise iku dipepe ing ngisor sgrengenge nganthi garing lan bisa digoreng.

Kripik tela iki nduwe makna kangsesambungane karo panguripe manungsa. Kripik tela dilambangke karo kemakmure panguripane manungsa amarga bahan saka kripik iki dhewe asale saka asil panen masyarakat yaiku pala pendhem.

- Gedhang raja

Gedhang raja ora oleh dilalekna kangog isene njero ambeng. Gedhang raja iki sing digunakake bisa jinis apa wae lan ora ana ketentuan kayata jinise lan gedhang raja sig asli. Gedhang raja iki bisa dimaknani karo kawicaksanaan. Dadi yen ana pawongan sing angel omongane kudu diwenehi teteken supaya ora lunyu maneh. Saliyane iku uga bisa menehi dalam sing padhang lan mbiyantu wong sing kacingkrangan.

Gedhang raja sing digunakake yaiku gedhang sing wis mateng, ora oleh sing isih mentah. Makna saka gedhang raja dhewe yaiku supaya masyarakat sing ana ing Desa Sumberejo iki diwenehi slamet lan diwenhei pitulungan karo Gustine. Mulane masyarakat kang ana ing Desa Sumberejo iki supaya bisa luwih rukun lan rumaket ing pasedulure.

- Kembang setaman

Kembang setaman iki kudu ana lan wajib nalika anaadicara tahlilan. Kembang iki digawe nyekar sumur gemuling lan pasareyan Mbah Drono lan Mbah Suratemi. Isen-isenane kembang setaman iki ana kembang melati, mawar, kenanga, lan kanthil.

Simbole kang ana ing sajroneadicara slametan iki apa kang dadi pepengine saben-saben manungsa iki bisa kawujud amarga diijabahi karo Gustine. Manungsa iki mung bisane ngupaya apa kang dikarepi, ananging sakabehe iki sing nemtoke namung Gustine.

4.5 Fungsi Folklorik Sajrone Mitos Sumur Gemuling

Panliti nggunakake konsep fungsi saking Bascom (Sajron Dnandjaja, 2002:19). Konsep fungsi folklore iki dipantha dadi 4 jinise yaiku minangka sistem proyeksi, minangka pangesahe budaya, minangka sarana pendhidhikan, lan minangka piranti kanggo ngawasi lan meksa paugeran ing bebrayan. MSG uga nuwuhake piguna liyane kang ora ana ing konsep Bascom. Fungsi-fungsi ing dhuwur bisa dideleng ing ngisor iki.

4.5.1 Minangka Sistem Proyeksi

MSG iki didadekake angen-angen karo masyarakat sing ana ing Desa Sumberejo iki. Salah sijine ubarampe sing ana ing mitos kuwi bisa digawe mertamba utawa gawe tolake balak kanggo samubarang apa wae. Ubarampe mitos kasebut kayata banyu kang asale saka sumur gemuling sing dipercaya minangka banyu kang suci lan sakti.

Paedahe saka banyu ing sumur gemuling iki dipercaya bisa didadekake pitulungan wong kang lagi kasusahan usahane, saliyane iku uga bisa dadi tamba menawa ana pawongan sing lagi lelara supaya bisa ndang waras. Banyu kang ana ing sumur gemuling iki banyu sing suci anane lan sekti uga akeh kasiyate tumrap masyarakat kang percaya.

4.5.2 Minangka Alat Pengesahan Budaya

Tradisi sing ana ing Desa Sumberejo iki dadi kabudayan. Nindakake tradisi iki amarga manungsa kang ana ing donya iki mung bisane nyuwun supaya bisa slamet ing donyané lan ing akherate. Tradisi kasebut isih dilaksanakake karo warga masyarakat kayata haul, slametan, lan tahlil. Adicara katelu iku dipercaya bisa nulung dheweke ing donya lan akherat.

4.5.3 Minangka Sarana Pendhidhikan

Kabudayan sing ana ing sajrone MSG didadekake sarana kanggo piwulangan utawa ndhidhik generasi para kawula mudha. Sajroneadicara tradisi ing MSG bisa didadekake sarana kango piwulangan. Kabeh masyarakat sing isih rumaja utawa mudha-mudhi iki akeh sing melu nyengkuyung adicarane. Saka adicara iki generasi sabanjure bisa didhidhik supaya bisa luwih ngrembakake lan uri-nguri adicara kang wis ana saking para sesepuh.

4.5.4 Minangka Kendali Sosial

Manungsa kuwi mahkluk sosial sing ora bisa urip dhewe lan mbuthuhake wong liya sajrone panguripe. Saben manungsa iki mesti mbuthuhake pasrawungan karo wong liya lan bisa saling njaga paseduluran marang tangga teparone lan dulur-dulure. Salah sawijine adicara slametan iki bisa dadi sarana kanggo ngraketake paseduluran marang tangga teparone, karo wong liya sing durung kenal. Adicara slametan kang dilaksanakake ing saben sasi sepisanan iki luwih bisa ngraketake pasedulurane kabeh wong.

4.5.5 Piguna-Piguna Liyane

Piguna kang bakal dirembug iki bedo karo piguna pokok kang ana ing konsepe Bascom. Yen piguna iki tuwuhamrga sabanjure nganalisis lan ngembangke dhata. Piguna laine iki ana saka MSG bakal diandharake ing ngisro iki

1) Kanggo golek berkah

Sumur gemuling dadi papan panggonan kanggo ngalap berkah. Sumur gemuling kuwi dipercaya bisa menehi pitulungan menawa ana pawongan sing kangelan lan liya-liyane. Saliyane iku masyarakat ingkang ziarah uga kepenginan supaya bisa slamet kanggo awake dhewe, diwenehi berkah sing luwih-luwih, dilancarke pendamelane, usaha kang diugemi, lan liya-liyane. Mula saka kuwi biyasane njaluk banyu sumur gemuling lan ndedonga ing kunu.

2) Kanggo nentremake ati

Manungsa nalika diwenehi pacoban sajrone panguripane mesti goyah atine. Mulane manungsa kudu cedhak karo Gustine supaya atine bisa adhem ayem tentrem bahagiya. Sumur gemuling uga asring didadekake papan panggonan kanggo sing lagi ana cobaan panguripane lan dianggep ora nduweni pungkasan. Supaya pikiran lan atine bisa adhem, biyasane masyarakat ndonga lan maca surat yasin wonten papan panggonan sumur gemuling kuwi. Saliyane ndonga kanggo awake dhewe uga ditujukake kanggo Mbah Drono lan Mbah Suratemi minangka sesepuh desa Sumberejo iki.

4.6 Nilai Budaya Sajrone Mitos Sumur Gemuling

Nilai budaya bisa digunakake kanggo cekelan nalika nindakake uripe manungsa. Sajrone MSG iki panliti nggunakake konsep nilai budaya saka Djamaris (1993:2). Konsep kuwi dipantha dadi 5 jinis ana sing nggayutake manungsa karo Gusti, nggayutake manungsa karo alame, nggayutake manungsa karo bebrayan, nggayutake manungaa karo manungaa liyane,

lan nggayutake manungsa karo awake dhewe. Kepengin luwih gamblang bisa dideleng ing ngisor iki.

4.6.1 Nilai Budaya sing Nggayutake Manungsa karo Gustine

Nilai budaya iki tuladhane manungsa sing bijasane seneng nyedekake atine kanthi ndonga lan takwa ing Gustine. Ing kahanan kuwi masyarakat bisa ngolehi nilai saka ndonga lan takwa ing Gustine pangeran kang nduwensi donya saisine urip iki.

1) Seneng ndedonga

Papan panggonan sumur gemuling asring digunakake kanggo papan panggonan donga lan semedhi kang ditujukske marang Gustine. Kang ditindakake ing papan panggonan kuwi bijasane yasinan utawa tahlilan lan ndedonga kanggo Gustine nanging lumantar sing mbaureksa ing sumur gemuling. Ndonga bijasane kanggo nentremne ati lan pikire saka pacoban panguripe sing kangelan. Nanging wayah sing sae kanggo ndedonga yaiku lan paling trep nalika sawise dheweke nindakake sholat. Amarga yen ndedonga sawise sholat iki paling sering lan dipercados diijabahi karo Gustine sendyan ora langsung dikabulke.

2) Takwa

Wujud takwa bisa kanthi sholat kanthi kusuk lan sholate aja nganti bolong-bolong, amarga pancen dados kuwajiban kita minangka manungaa ingkang nganan agama Islam. Saliyane iku bisa ngaji supaya imane iku kuat lan nduwe pedoman kanggo panguripe. Kayata Mbah Drono lan Mbah Suratemi minangka pawongan sing seneng marang ngibadah ing Gustine. Tumindak kasebut bisa didadekake patuladhan kanggo masyarakat panyengkuyunge. Uga yen dadi juru kunci iku kudu kuwat imane lan ora kegudha bab-bab liyane.

4.6.2 Nilai Budaya sing Nggayutake Manungsa marang Alam

Manungsa iki urip ing alam donya. manungsa uga bisa nguwasanisine alam donya iki lan bisa nggunakake sumber dhaya alam. Sumber dhaya alam kasebut digunakake manungsa kanggoadicara slametan. Adicara iki nggunakake ubarampe saking sumber dhaya alam sing ana ing Desa Sumberejo. Asile para tani tetandur karo warga masyarakat panyengkuyunge iki digunakake kanggo ubarampeadicara slametan.

4.6.3 Nilai Budaya sing Nggayutake Manungsa karo Bebrayan

Nilai budaya kuwi tuladhane tresna karo tanah aire, musyawrah, manut ing adhat sing wis lumaku, keadilan,

lan sapiturute. MSG uga didadekake patuladhan supaya manungaa urip ing donya bisa nindakne bekti marang pawongan liyane. Andharan ing dhuwur bisa dideleng ing ngisor iki.

1) Kerja bakti

Kerja bakti ditindakake nalika arep nganakakeadicara slametan, tahlil, lan haul. Warga masyarakat sing ana ing Desa Sumberejo dhewe bebarengan nyiapake ubarampe sing dibutuhake. Kagiyanan iki dianakake kanggo ngresiki lingkungan ing sakupenge sumur gemuling. Saka kerja bakti bisa ngraketake pasaduluran. Ndadekake pawongan kang melok nindakake bisa tansah guyub rukun.

4.6.4 Nilai Budaya sing Nggayutake Manungsa marang Manungsa Liyane

Pawujudan saka nilai budaya iki tuladhane iklas, ramah, jujur, sopan, lan liya-liya isih akeh. Nilai-nilai iku mesthine ana ing manungsa karo manungsa liyane. Saka MSG uga didadekake patuladhan kanggo masyarakat panyengkuyunge supaya bisa nglaksanake nilai budaya sing wis ana. Adhedhasar ing dhuwur bakal diandhrake ing ngisor iki.

1) Sopan santun

Manungsa bisa sopan karo pawongan liyane mesthi uga bakale diajeni pisan karo pawongan liya. Papan panggonan ing sumur gemuling iki uga bisa didadekake patuladhan tuladhane kudune luwih ngerti cara mertamu ing panggonan sing isih anyar. Nalika arep ziarah ing papan panggonan sumur gemuling kudune luwih ndisik sowan ing juru kuncine. Lajeng baru dikon ngeternake ing sumur gemuling. Pancen ngaturaken salam iki pancen sopan nemen lan wigati nalika arepe mlebu ing omahe wong liya sing ora dikenali. Ngaturake salam iki ngajeni ing wong liya.

4.6.5 Nilai Budaya sing Nggayutake Manungsa karo Awake Dhewe

Nilai budaya iki bisa ana amarga sipate pawongan nalikane dheweke gelem nyambut gawe kanthi ikhlas lair batine, jujur, gemi, golek ngelmu, gelem uripe kacingkrangan, lan sapiturute. Ing MSG iki ana nilai-nilai budaya kayata sifat jujur. Yen luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

1) Kajujuran

Saben-saben manungsa kudu nduwe jatine diri sing asipat jujur. Asipat jujur iki yen diregani larang banget. Ora kabeh pawongan iki nduwe asipat jujur. Nanging warga masyarakat panyengkuyung ing sumur gemuling

percaya yen wong sing didadekake minangka juru kunci iki nduwe ati kang resik saka samubarang kang elek. Pawongan sing didadekake juru kunci iki uga kedah bisa amanah karo samubarang saka pawongan liyane kang wis dipercayani karo wong kuwi. Saka MSG nduwe pangaribawa kang gedhe tumrap pawongan sing nyengkuyung tumindhak kang apik kayata duweni sipat kang jujur.

PANUTUP

Dudutan

MSG ing Desa Sumberejo, Kecamatan Ambulu, Kabupaten Jember iki kagolong folklore lisan. Mula bukane anane MSG iki nyritakake pawongan minangka kekasih Gusti Allah yaiku Mbah Drono lan Mbah Suratemi. Kalorone mbabat alas lan nemokake bolongan sumber. Nalika rep njupuk banyu sumur ora bisa, banjur ndonga marang Gusti supaya dimiringne sumure. Diencepi bambu supaya pancet ngguling sumure. Nganti saiki sumur iku wujude isih nggulng. Mulane dijenengi sumur gemuling.

Anane MSG ug a njalari ana kapitayan lan tradhisi-tradhisi tumrap pangrasane saben-saben manungsa. Kapitayan kayata banyu sumur sing nduwe piguna akeh tumrap masyarakat panyengkuyunge, ziarah dina Jemuwah Wage lan Pon, pasugihan, sowan ing juru kuncine ndisik, mantan. Lajeng ana tradhisi kayata haul, tahlilan, lan uga slameten.

Ubarampe sajrone tradhisi nduwe makna lan simbol. Tradhisi sepisanan ana slameten lan ubarampene ana ambeng sing isine ana pitik panggang, pala pendhem, lan urap-uprap. Tradhisi kaloro ana tahlilan sing ubarampene ana kembang setaman. Lan tradhisi sing pungkasan ana haul lan ubarampene ana ambeng lan kembang. Ambeng dilambangne karo kabegjahanan. Urapurap iki dilambangne karo kasuburan. Pitik panggang dimaknai pawongan sing golek sandgang pangan kanthi mandhiri. Pala pendhem dilambangake supaya kudu eling karo papan panggonan dheweke bali yaiku ana ing njero lemah. Jajan pasar iki maknane supaya kepengin sing akeh jinise iki bisa kegayuh. Kripik tela dilambangake karo makmure uripe manungsa ing alam donya iki. Gedhang raja maknane bisa kawicaksanan.

MSG uga njalari anane piguna-piguna tumrap bebrayan. Piguna-piguna iki yaiku minangka sistem proyeksi, minangka alat pengesah kabudayan, minangka sarana pendhidhikan, minangka alat kendali sosial. Saliyane uga ana piguna liyan-liyane saka MSG kayata nggolek berkah lan kango nentremake atine.

Nilai budaya sing didadekake pedoman kango uripe manungsa bisa dianggup duwe nilai lan wigati kang tuwuhan sajrone MSG. Nilai-nilai budaya kasebut yaiku

nilai budaya sing nggayutake antarane manungaa karo Gusti, nilai budaya sing nggayutake manungsa karo alam, nilai budaya sing nggayutake antarane manungsa karo bebrayan, nilai budaya sing nggayutake manungaa karo manungaa liya, lan nilai budaya sing nggayutake manungsa karo awake dhewe.

Pamrayoga

Sawise nindakake panliten, panliti ngarep-arep supaya bisa didadekake pamrayoga kanggo masyarakat sing durung ngertenin informasi ngenani folklore lisan lan luwih bisa ningkatake ngapresiasi crita rakyat sing awujud mitos. Kanggo masyarakat uga sing durung mangertenin mitos-mitos apa wae sing ana ing sakupenge lan kanggo nglestarekake budaya leluhure. Bab kasebut supaya bisa sansaya diuri, supaya bisa luwih ngrembaka lan ora kagerus karo budaya manca. MSG supaya bisa didakekake minangka identitas saka Desa Sumberejo Kecamatan Ambulu Kabupaten Jember. Saliyane iku uga dadi bahan renungan kanggo dinas pendhidhikan supaya budaya-budaya lokal sing durung ngrembaka supaya bisa dirembakake lan digawe kanggo sarana piwulangan. Masyarakat panyengkuyung ing kene nduwe peran kang gedhe kanggo ngrembakkake mitos iki. Mulane iku diajab masyarakat panyengkuyung tansah nyebarake marang generasi mudha kanthi getok tular supaya MSG iki tansah ana lan ngrembaka ing mburine. Panliten nduwe arep-arep uga bisa menehi paedah marang pawongan supaya bisa nambah kawruh ngenani patuladhan kango panliti liyane kang nduwe gegayutan karo folklore.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsini. 2009. *Prosedu Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 2008. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, dongeng, dan lain lain*. Jakarta: Pustaka Utama PT. Temprint
- Danesi, Maret. 2012. *Pesan Tanda, dan Makna: Buku Teks Dasar Mengenai Semiotika dan Teori Komunikasi*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Endraswara, Suwardi 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan: Ideologi, Epistemologi, dan Aplikasi*. Yogyakarta: PT. Argomedi Pustaka.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: Medpress.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Folklor Nusantara: Yogyakarta*: Penerbit Ombak.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan*. Surabaya: HISKI.

Koentjaraningrat. 1984. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan.

Koentjaraningrat. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Bumi Aksara.

Koentjaraningrat. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Blai Pustaka.

Levi, Strauss Claude. 2007. *Antropologi Struktural*. Yogyakarta: Kreasi Wacan.

Moloeng, Lexy J. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosda Karya.

Ndraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: Medpress

Nurgiyantoro, Burhan. 1995. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Santosa, Gempur. 2007. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Jakarta: Prestasi Pustaka Publiser

Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya: Citra Wahana

Sugiyono, 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: UNESA Unipres.

Sukarmn. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa (Antropologi Budaya)*. Surabaya: Unesa Press.

Sulaeman, M. Munandar. 1998. *Ilmu Budaya Dasar*. Bandung: PT Eresco

